ing caturing wayahira
sampun sepuh ing ragané
nulya séda sira sampun
sigra sira pinetek nuli
ing Tuban wasthanira
lan winastanan wahu
déning wong Bali punika
déwa nyurga kocapa sira Ngabèhi

Sutanangga dènira*

Diceritakan sang Pangeran

Danuraja tiba saatnya
telah lanjut usianya
lalu mangkat
kemudian segera dimakamkan
di Tuban
dijuluki ia
oleh orang Bali
sebagai Dewa Nyurga, diceritakan
kemudian Ngabehi
Sutanangga

2

*sampun sepuh sira nulya sirna
ngabèhi
gagentosan putranira
awasta mumpuni anggèr
wontèn gantining winuwus*

telah lanjut usianya lalu wafat

digantikan oleh putranya
yang bernama Mumpuni
Bergantilah cerita

*Cokordha Kelungkung Bali
midhanget kabar ika
yèn Pengéran sira wahu
danuraja sampun sirna
sigra angandika animbali sira bupati
karsanira dinuta*

Cokordha Klungkung dari Bali
mendengar kabar itu
bahwa Pangeran
Danuraja telah mangkat
segera memanggil bupati
untuk dikirim sebagai utusan

3

*kang dèn utus maring Balambangan
mangkin
Gusti Gedhé Lanangjaya
ingaran Dènpasar mangké
sira lunga dèn gupuh
maring Balambangan negari
sarèhné saiki Pengéran
Danuraja lampus
putrané priya kang sepah
kang peparab Mas Noyang wahu
nenggih
sira jumenengna Pengéran*

Yang menjadi utusan ke Blambangan
adalah Gusti Gedhe Lanangjaya
yang berjuluk Gusti Gedhe Denpasar
Segeralah berangkat
ke Kerajaan Blambangan
karena kini Pangeran
Danuraja telah mangkat
anaknyanya yang sulung
yang bernama Mas Noyang
nobatkanlah sebagai raja

4

*parabna sira wahu pengéran nenggih
Perabu Adiningrat
ana déné wahu putrané
ingkang jaler puniku
ingkang anèm sira puniki
kang aran Mas Sirna
jenengana wahu
Pengéran Patih Wilis ika
utawané Wong Agung Wilis anenggih
iku dèn prayitna*

berikanlah sang raja dengan gelar
Prabu Adiningrat (Danuningrat)
sedangkan putranya
anak lelaki lainnya
yang lebih muda
yang bernama Mas Sirna
nobatkanlah sebagai
Pangeran Patih Wilis
atau Wong Agung Wilis
maka bersiaplah

5

*lan malih sun wèhi jeneng mangkin
punggawa agung ika
wasta Rangga Sutata déné
karyanen punggawwa iku
Gusti Gedhé Dènpasar nenggih
dhateng ing Belambangan inggal
sira paringa dhawuh
weruhanira amba
kinèn perintah mring bala agung
sami
yèn mas noyang wahu ika*

dan aku berikan juga
punggawa agung
Rangga Sutata namanya
berikan tugas kepada Rangga Sutata
Gusti Gedhe Denpasar
segera berangkatlah ke Blambangan
berikanlah perintah
kepada semua rakyat Blambangan
berikanlah perintah kepada segenap
pasukan
jika Mas Noyang itu

6

*karsanira Mas Noyang ing mangkin
jenengna pengéran prabu ika
ana déné ing juluké
Pengéran Danuningrat iku
Mas Sirna dèn gawé pepatih
jinulukan sira Pengéran
Wong Agung Wilis wau
unggul-unggul Rangga Sutata
sampun narah iku dèn ati-ati*

sira ngreksa negara

Atas kehendakku, Mas Noyang
nobotkanlah sebagai raja
dengan gelarnya
Pangeran Danuningrat
Mas Sirna sebagai patihnya
dengan gelar Pangeran
Wong Agung Wilis
Rangga Sutata sebagai panglimanya
demikian telah kusampaikan dan
agar hati-hatilah
kalian semua menjaga Kerajaan

7

*wus karya amba mundur anuli
Gusti Gedhé Lanang Dènpasar
tan kawarna prapta negarané
saksana nulya matur
awèh priksa Cokordha kalih*

*sinigeg wahu dènira
ganti kang winuwus
Pengéran Danuningrat kocapa
gadhadh putra sekawan jalu satunggil*

wasta Mas Jalu ika

Setelah menunaikan tugas
Gusti Gedhe Lanang Denpasar
tak lama telah tiba kembali
lalu segera menghadap
memberikan laporan kepada kedua
Cokordha
Tinggalkanlah itu
Bergantilah cerita
Diceritakan Pangeran Danuningrat
memiliki empat anak, seorang saja
yang laki-laki
yang laki-laki itu

8

*peparab Mas Sutajiwa mangkin
kang èstri Mas Ayu Bali ika*

*Mas Ayu Telaga apa déné
skawan mas Ayu Tunjung
enengena putranirèki
Pengéran Danuningrat
ganti kang winuwus
putra mas wilis kocapa
gangsals jalu èstri satunggil*

ingkang jalu namanira

Bernama Mas Sutajiwa
yang anak perempuan itu Mas Ayu
Bali
Mas Ayu Telaga
anak keempat Mas Ayu Tunjung
Tinggalkanlahh cerita para putra
Pangeran Danuningrat
Bergantilah cerita
diceritakan Pangeran Wilis berputra
lima anak laki-laki satu anak
perempuan
yang laki-laki bernama

9

*ajejuluk Mas Srat Adi mangkin
lan Mas Kenceling Mas Tunjung Ika
lan Mas Berud apa déné*

Bernama Mas Srat Adi
Mas Kenceling dan Mas Tunjung
Mas Berud

*Mas Suratman Puger wau
peparab Mas Surawijaya nenggih
kang èstri winuwusa
Mas Ayu Perabu
enengna wahu kang putra*

Mas Suratman Puger
yang berjudul Mas Surawijaya
yang perempuan bernama
Mas Ayu Prabu
Tinggalkanlah cerita para putra

*Pangéran Wilis wonten ingkang
kocapa malih
putrané Kangjeng Sunan*

Pangeran Wilis itu, diceritakan
kemudian
putra Kangjeng Sunan Tawangalun

10

*ingkang wonten ing macanputih
nenggih
jejuluk Mas Dalem Wiraguna
lalis sira ing mangké
kang putra gantos wahu
ajejuluk Mas Bagus Puri
Mas Dalem Wiraguna
iku jenengipun
sekawan sedadènira
ing Wijenan ing kebalèn Ragajampi
Macanputih Wiraguna*

yang di Macanputih
bernama Mas Dalem Wiraguna
telah mangkat
sang putra menggantikannya
bernama Mas Bagus Puri
Mas Dalem Wiraguna
yang menjadi penguasa
empat wilayah keseluruhannya
di Wijenan, Kebalen, Ragajampi
dan Macanputih, Wiraguna

11

*ingkang putra sira ing mangkin
boten tumut sira nyepeng negara
cinatur nenem putrané
ingkang priya sira wahu
Mas Suratman lan Mas Ngalit
Mas Talip wastanira
kang èstri nama Mas Ayu
Mas Ayu Nawang Surya
Mas Ayu Rahinten Mas Ayu Patih
nenggih
wonten malih putranira*

sang putra itu
tidak turut dalam pemerintahan
diceritakan ada enam anaknya
anak yang laki-laki
Mas Suratman dan Mas Alit
dan Mas Talip namanya
anak yang perempuan
Mas Ayu Nawang Surya
Mas Ayu Rahinten dan Mas Ayu
Patih
ada lagi seorang anaknya

12

*jaler ingkang nyandhung muring
margi
dhusun Pakis Rempek kang wasta
sigegen wahu putrané
wonten gantiné winuwusa
Danuningrat kocapa malih
wus lama jenengira
apan dados ratu
tan ngindahken mangké sira*

anak laki-laki hasil pengembaraannya
ke dusun Pakis, Rempek namanya
Tinggalkanlah cerita para putra
Bergantilah cerita
Diceritakan Pangeran Danuningrat
telah lama memerintah
menjadi raja
tiada mengindahkan

*ing dhawuhé Cokordha ing nguni
Klungkung Bali negara*

perintah dari Cokordha
Klungkung Bali

13

*duk ing nguni klungkung utusan
Gusti
Gedhé Lanang Dènpasar ika
Wong Agung Wilis rayiné
jenengna patih wahu
ana déné sira ing mangkin
ginawé patih nora
ing Blambangan iku
putrané juga kinarya
jejuluk Mas Sutajiwa nenggih
ingkang kinarya patya*

Yang dahulu mengutus Gusti
Gedhe Lanang Denpasar
agar adiknya, Wong Agung Wilis,
dijadikan patih
ia kemudian
tidak menjadikannya patih
di Blambangan
putra lelaki satu-satunya
bernama Mas Sutajiwa
yang dijadikannya sebagai patih

14

*Wong Agung Wilis langkung wirang
ing galih
arsa ngelampu ambuwang raga
amertapa sahuruté
ing tepiné segara kidul
utawané gunung kang singit
guwa kang linebetan
mila Wong Agung wahu
agung mangké kramatira
saha agung tapané Wong Agung Wilis
ing Lampon gènira tapa*

Wong Agung Wilis merasa terhina
memilih menepikan diri
bertapa di sepanjang
pesisir laut selatan
atau di gunung gelap dan angker
memasuki gua
sehingga Wong Agung Wilis
besarlah kesaktiannya
banyak bertapa Wong Agung Wilis
di Lampon tempat ia bertapa

15

*pitung dinten wonten ing ngriki
nulya ngalih ing ardi Dogong ika
selawé dina lawasé
nulya apindhah wahu
dhateng ardi Tumpang Pitu nuli
sèket dina laminira
Wong Agung puniku
ujaré kandha satengah
kaping pitu Wong Agung dènya
mertapi
ing gunung Tumpang Pitu ika*

telah tujuh hari ia berada di sini
lalu berpindah ke gunung Dogong
dua puluh lima hari lamanya
lalu berpindah
ke gunung Tumpang Pitu
lima puluh hari lamanya
Wong Agung Wilis itu
kata beberapa orann
Tujuh kali Wong Agung Wilis itu
bertapa
di gunung Tumpang Pitu itu

16

*nulya mudhun wahu Wong Agung
Wilis
ing Pasisir Manis punika*

Lalu Wong Agung Wilis turun
ke Pasisir Manis

*karsa damel dhukuh mangké
ya ta kathah wong kang rawuh
tiyangira ing wahu uni
kalané anèng kutha
Wong Agung puniku
kathah tiyang wawarta
wetara wong kawandasa kutha
nenggih
samya prapta sedaya*

17

*nulya babat wana Purawingon
nenggih
nulya dados mangké dhukuhira
Purawingon mangké wstané
ujaré kandha satengah iku
Wong Agung enggonirèki
ing Pasisir Manis ika
lawan sakwongipun
sasampuning lama-lama
sekathahé tataneman samya dadi
wong kathah samya suka*

18

*enengna Wong Agung Wilis

ingkang sanget wahu mati raga
Pasisir Manis goné
wonten ganti winuwus
Dhahèng saking negari Bugis
aran Dhahèng Pagersah
Pagerruyung wahu
sarta sira bekta bala
agungipun wolung èwu kathahnéki
masanggahan anèng bong ika*

19

*sedyanipun arsa gempur kutha
nenggih
ing Blambangan wahu karsanira
pepak agung ing wadyané
Danuningrat winuwus
amidhanget yèn mungsuh prapti
anèng bong mesanggahan
ing Pakem nggènipun
arané Dhaheng Pagersah*

hendak membangun padukuhan
banyaklah orang datang
orang-orang itu
berasal dari kota Kerajaan
tentang Wong Agung Wilis itu
banyak orang menyebar kabar
tiada lama sejumlah empat puluh
orang dari kota Kerajaan
telah tiba semuanya

Membabat hutan Purawingon

hingga menjadi padukuhan
dukuh Purawingon namanya
Menurut cerita beberapa orang
Wong Agung Wilis menetap
di Pasisir Manis
bersama orang-orangnya
Setelah beberapa waktu kemudian
segenap tanaman tumbuh subur
semua orang bersuka cita

Tinggalkanlah cerita tentang Wong
Agung Wilis
yang sedang bertapa itu
di Pasisir Manis tempatnya
Bergantilah cerita
Daeng dari negeri Bugis
yang bernama Daeng Pagersah
Pagerruyung itu
serta membawa pasukan
delapan ribu orang banyaknya
berkubu di pinggir selat (bong)

Bersiap untuk menggempur keraton

di Blambangan kehendaknya
banyak sekalli pasukannya
Diceritakan Pangeran Danuningrat
mengetahui jika musuh telah tiba
berkubu di Bong
di Pakem tempatnya
Namannya Daeng Pagersah

*Pagerruyung sarta bala sikep jurit
sapraboté ngayuda*

Pagerruyung beserta pasukan bersiap
perang
dengan segenap persenjataan

20

*pan kacrita balanira nenggih
wolung ngèwu balanira
Pengéran Danuningrat agé
nulya nimbali wahu
maring agul-agulérèki
wasta Rangga Setata
sarawuhirèng ngayun
matur saha tur pranata*

Diceritakan pasukan itu
delapan ribu orang banyaknya
Pangeran Danuningrat segera
lalu memanggil
sang panglimanya
yang bernama Rangga Sutata
Setibanya menghadap
Ia berucap sambil menghaturkan
sembah
Hamba ini dipanggil Paduka
ada apakah

*pan kawula abdi dalem dèn timbali
wonten damel punapa*

21

*apan para inggal sun timbali
Rangga Setata mring jenengira
ingsun jaluk ing gawéné
dika tumpesa bala agung
ingkang anèng Pakem nenggih
sabalane sedaya
poma aja ana kantung
wonten déné aturing Rangga
duka dalem sewu ingkang kula tedhi
punika atur kawula*

Kenapa tiba-tiba kupanggil
engkau Rangga Sutata
aku memberi tugas kepadamu
kau tumpaslah segenap pasukan
yang ada di Bong Pakem
seluruh pasukannya
jangan ada yang terlewat
Rangga Sutata pun menjawab
Mohon ampun paduka
Demikianlah menurut saya

22

*ingkang mawi kawula nuhun ugi
apan sanget panuwun kawula
amingking arinta anggèr
Pengéran Wilis wahu
atangkepa sakethi sisih

ing ngajeng sayutaha
miwah ing pungkur
kawula atur sumangga
tan boten rayi paduka dados kanthi*

Yang saya minta juga
dengan sangat memohon agar saya
didampingi adinda paduka
Pangeran Wilis
meskipun dikepung kanan kiri oleh
seratus ribu orang
sementara di depan ada sejuta orang
demikian pun yang ada di belakang
saya bersedia
Jika tidak bersama dengan adinda
paduka
Wong Agung Wilis itu

Wong Agung Wilis ika

23

*apan ajrih kawula gusti
amapag yudhané Dhahèng ika*

Saya tidak berani
berperang melawan para Daeng itu

*atur kawula ing mangké
Pengéran Danuningrat gupuh
nulya wahu sira nimbali
Singamumpuni prapta
ngandika sang prabu
lah lurunen mara dèn inggal
gustinira Wong Agung Wilis puniki
ujaré kabar ika*

24

*Pasisir Manis pernahirèki
Pengéran Wilis mangké lamun
kepanggya
sarenga mantuka agé
matura yèn karsaningsun
ana karya yèn sun kon iki
amapak Dhahèng ika
kang nèng Pakem wahu
anulya sira lungaha
inggal-inggala sigra sira lumaris
Singamumpuni ika*

25

*sampun prapta ing Pasisir Manis
Singamumpuni wahu dènira
kocapa Pengéran Wilis mangké

ana ing Pasisir Kidul
sarta maca Suluk Sudarsih
kesaru ingkang prapta
Singamumpuni rawuh
anulya angrahup pada
angandika Pengéran Wong Agung
Wilis
maring Mumpuni ika*

26

*ana paran sira teka gati
maring wang paran karsanira
Singamumpuni ing aturé
mila kawula purun
marek dhateng ayunan Gusti
kinarsaken kang Raka
Danuningrat wahu
paduka kinèn mantuka
inggal-inggal raka jeng Andika Gusti
kedhatengan prang muka*

Demikianlah menurut saya
Segeralah Pangeran Danuningrat
lalu memanggil
Singamumpuni yang kemudian tiba
Berkatalah sang raja
Carilah segera
Wong Agung Wilis itu
yang menurut kabar

Ada di Pasisir Manis
Jika telah bertemu Pangeran Wilis

segera pulanglah bersama
katakan itu atas kehendakku
ada tugas yang akan kuberikan
melawan para Daeng itu
yang ada di Pakem
segera pergilah
cepat-cepatlah berangkat
Maka Singamumpuni

Sampailah di Pasisir Manis
Singamumpuni itu
Diceritakan bahwa Wong Agung
Wilis
di Pasisir Manis
sedang membaca Suluk Sudarsih
Tiba-tiba kedatangan
Singamumpuni yang telah tiba
lalu menghaturkan sembah
Berkatalah Wong Agung Wilis

kepada Singamumpuni

Ada perlu apa kau datang
Kepadaku, apa yang kau kehendaki
Singamumpuni berkata
Apa sebab saya ingin
menemui gusti Wong Agung Wilis
diutus kanda paduka
Pangeran Danuningrat
paduka Wong Agung Wilis pulanglah
segera karena kanda paduka
kedatangan musuh

27

*apan saking negari ing Bugis
awastanira Dhahèng Pagersah
Pagerruyung peparabé
sarta ambekta bala agung
wolung èwu bala prajurit
maturé abdi Rangga
Sutata ing wahu
dipun karsaken amapak
boten purun ajrihé kelangkung gusti
aturé Rangga punika*

yang berasal dari negeri Bugis
bernama Daeng Pagersah
dan Pageruyung
membawa segenap pasukan
delapan ribu prajuritnya
menurut Rangga
Sutata itu
yang ditugaskan menghadang musuh
Ia takut sekali
menurut Rangga Sutata itu

28

*yèn tan boten sareng paduka Gusti
dados kanti bilih purun amethuka
sang nata Bugis yudhané
Wong Agung ngandika arum
ingsun iki Singamumpuni
pan ora duwé daya
upama wakingsun
wong ala tur ina papa
ing pantesé kang padha apayung
sami
sarta olèh lungguh ika*

jika tidak didampingi paduka Wilis
untuk menghadapi
perang dengan orang Bugis
Wong Agung Wilis berujar
Aku ini, Singamumpuni,
tidak punya daya
diriku
orang yang tiada pantas
selayaknya mereka yang berpayung
dan mendapat kedudukanlah

29

*kang pinaringan nama sira sami
sarta payung kuning ika
iku dèn karsakna agé
mapaga sira musuh
ing yudhané sang nata Bugis
wis para lah muliha
matura ing kaka prabu
Pengéran Danuningrat
apan ingsun nora duwé sanggup
wani
amapak ing prang muka*

yang mendapatkan gelar
serta berpayung kuning
mereka itu yang seharusnya
menghadapi musuh
berperang dengan orang Bugis
Sudah, pulanglah
katakan kepada kakanda prabu
Pangeran Danuningrat
jika aku tak punya keberanian
menghadapi musuh

30

*tan kawarna Singamumpuni mangkin
sampun kondur saking ngajengira
Wong Agung Wilis samangké
saksana nulya mantuk
arsa matur sira mring gusti
Pengéran Danuningrat
anengna rumuhun*

Tak lama kemudian Singamumpuni
telah pergi dari hadapan
Wong Agung Wilis
segera kembali
hendak melapor kepada
Pangeran Danuningrat
Tinggalkanlah sejenak

*lampahé Mumpuni ika
Pengéran Wilis kocap dènira
mangkin
sawingkingé Mumpuni ika*

perjalanan Singamumpuni itu
Diceritakan Pangeran Wilis

selepas kepergian Singamumpuni

31

*amicarèng ing tiyasnéki
Pengéran Wilis ingsun nora bisa
anelasena satruné
kaka Prabu ing wahu
sapa kang dèn andelna malih
yèn ora raganingwang
sakedhap wus rawuh
ing dalem Rangga Setata
madya latri rawuh tan ana udani*

mendengarkan suara hatinya
Jika Pangeran Wilis tidak mau
menghabisi musuh
kanda Prabu Danuningrat
siapa lagi yang bisa diandalkan
kalau bukan diriku
Tiada lama kemudian ia telah tiba
di kediaman Rangga Sutata
pada tengah malam tanpa ada yang
tahu

Diceritakan Rangga Sutata

kocap Rangga Setata

32

*kagyat sira yèn ana gustiné prapti
Pengéran Wilis rawuh tan sangkan
nulya Rangga nyungkemi padané*

terkejut setelah tahu sang gusti tiba
Pangeran Wilis datang tanpa diduga
Segera Rangga Sutata menghaturkan
sembah

*saksana nulya muwus
maring Rangga Setata nuli
amba milané prapta
mangké tengah dalu
ing griyanira Rangga Setata
raganingsun ing uni Singamumpuni
dinuta karo Pengéran*

Seketika Wilis berkata
kepada Rangga Sutata
Aku datang
pada tengah malam
ke rumahmu, Rangga Sutata
Aku mendengar dari Singamumpuni
yang diutus Pangeran Danuningrat

33

*apan ingsun dèn kersaken mejahi
satu agung kang ana ing Pakem ika
ana déné Rangga mangké
kinarsaken ing unu
ngakèn ajrih aturé nguni
wahu Rangga Setata
matur inggih èstu
kadi pundi nggih Pengéran
atur kula kalih kaka dalem gusti*

bahwa aku ditugaskan membunuh
segenap musuh di Pakem
karena Rangga Sutata
yang diharapkan untuk itu
mengaku takut
Sang Rangga Sutata
membenarkan hal itu
Bagaimana ya, Pangeran
Demikianlah kata saya kepada
Pangeran Danuningrat
Jika bersama Pangeran Wilis

yèn sareng lan paduka

34

*kawula pengéran nadyan sonten
énjing
Rangga Setata wau matur sira
sumangga lan paduka anggèr*

*kang dados kanti ngulun
amba sanget ajrih ing gusti
punika atur kawula
Wong Agung Wilis muwus
yèn mengkono Rangga karepira
iya payo Rangga padha dèn lakoni
maring bong Pakem ika*

Saya berani meskipun berperang dari
sore hingga pagi
Sang Rangga Sutata itu berkata
Saya bersedia jika bersama Pangeran
Wilis
yang menyertai saya
Hamba takut sekali, Pangera
Demikianlah apa yang saya katakan
Wong Agung Wilis berkata
Jika itu kehendakmu, Rangga Sutata
Mari Rangga Sutata, kita laksanakan
Menuju ke Pakem

35

*mumpung dalu karepingsun iki
payo padha lumakuha inggal
hangamuk ing dalu mangké
aja na wong kang weruh
pena ngamuk amba munggah ing
wuri
saking gancanging crita
Wong Agung wis lumaku
sinedya mring Pakem ika
nulya ngamuk sira Wong Agung
kakalih
tan anolih sira ing wuntat*

Selagi hari masih malam, menurutku
ayo segera berangkat
mengamuk di malam ini
jangan sampai ada yang tahu
Mengamuklah, aku akan
menyertaimu
Singkat cerita
Wong Agung Wilis berangkat
menuju ke Pakem
Lalu kedua pemuka Kerajaan itu
mengamuk
tanpa menoleh lagi ke belakang



8

PUPUH PANGKUR

Transliterasi

Terjemahan

1

*saguning Bugis sedaya
ingamukan wahu sira ing wengi*

Segenap pasukan Bugis
diserang ditengah malam

sirna bala sedalu

*tumekèng Dhahèngira
Pagersah Pageruyung sampun
lampus
samiya sirna sedaya
saguning sang bala Bugis*

Tumpaslah pasukan itu dalam
semalam
Hiingga sang Daeng
Pagersah dan Pageruyung menemui
ajal
tumpas semuanya
segenap pasukan Bugis

2

*sakantuné ingkang pejah
samiya bubar malebèng ngungsi urip
ana ingkang nunggang prahu
arsa mantuk maring negara
enengena bala Bugis ingkang
wangsul
sampun prapta negaranira
kocapa Wong Agung Wilis*

Sisa pasukan yang lolos dari maut
kocar-kacir menyelamatkan diri
ada yang menaiki kapal
kembali ke ke negerinya
Tinggalkanlah cerita pasukan Bugis
pulang menyelamatkan diri
yang telah sampai di negerinya
Diceritakan Wong Agung Wilis

3

*Wong Agung Wilis ngandika
maring sira Rangga Setata nengguh
èh Rangga weruhanamu
rèhné satru wus pejah
telas sedaya sekathahé pra mungsuh
puna bahé umatura
maring kaka prabu nengguh*

Wong Agung Wilis berkata
kepada Rangga Sutata
Rangga Sutata, ketahuilah
karena musuh telah tumpas
musnah semua para musuh
kau saja yang melapor
kepada kanda prabu Danuningrat

4

*poma lah sira matura
lamun ingsun pan ora cahos malih
ana déné karsaningsun
arsa wangsul énggal-énggal
nurut pasisir purwa wahu
anulya Wong Agung musna*

saking ngarsanirèki

Laporkan sesungguhnya
aku tak ikut menghadap
sebab kehendakku
akan segera kembali
menyusuri pesisir Purwa
Sesaat kemudian Wong Agung Wilis
lenyap
dari hadapan Rangga Sutata

5

*Rangga Setata nglenggana
wahu sira angalem jeroning ati
luwih temen gustiningsun
Wong Agung Wilis ika
Rangga Setata injing sira nulya
matur
atur uninga maring sang nata
Pengeran Danuningrat Gusti*

Rangga Sutata merasa
memuji di dalam hatinya
hebat benar gustiku
Wong Agung Wilis itu
Keesokan paginya Rangga Sutata

Melapor kepada sang raja
Gusti Pangeran Danuningrat

6

*mengsah paduka punika
inggang anèng bong Pakem Gusti
pejah sagungé bala sampun
inggih réncang kawula amapak
lawan rayi paduka pukulun
Wong Agung Wilis punika
kula lumampah ing wengi*

Musuh Kerajaan
yang ada di Bong Pakem, Gusti
telah tumpas semuanya
Saya menghadapi musuh ditemani
adik Gusti Paduka
Wong Agung Wilis
Kami berangkat di tengah malam

7

*nanging rayi jeng andika
tan cahos dhateng paduka malih
lajeng musna tan kadulu
ngldul maring purwa purugnya
tan antara Singamumpuni rawuh

matur dhumateng pangéran

yèn lampah kawula gusti*

Namun, adik Gusti Paduka
tak ikut menghadap Paduka
segera lenyap tak terlihat
pergi ke selatan menuju Purwa
Tak lama kemudian datanglah
Singamumpuni
Melapor kepada Pangeran
Danuningrat
Tugas saya yang Gusti

8

*paduka angersakena
nimbali rayinta Pengéran Wilis

Pasisir Manis nggènipun
ananging datan karsa
aturipun sanget wirangé kelangkung
dhumateng sesamanira
ping kalih kelangkung ajrih*

Paduka kehendaki
Memanggil adik Paduka, Pangeran
Wilis
yang ada di Pasisir Manis
namun ia menolak
katanya ia merasa telah dipermalukan
di hadapan semuanya
yang kedua, ia takut

9

*mengsaha dhahèng punika
mangko jeng Pangéran ngandika aris

ujar Rangga Setata wahu
matur sira maring wang
uni dalu apan tumut perang pupuh
ing pakem gènnya paperangan
aturé Singamumpuni*

menghadapi para Daeng tersebut
Pangeran Danuningrat berkata pelan,
padahal
kata Rangga Sutata tadi
melapor kepadaku bahwa
semalam Wilis ikut berperang
berperang di Pakem
demikian lapor Singamumpuni

10

*cengeng sang nata miharsa

ing aturé wahu Singamumpuni*

membuat sang raja keheranan
mendengarnya
dengan perkataan Singamumpuni

ya kang ngendi kang sun gugu

*apa ujaré Rangga
apa ta ujarira puniku*

*apan ingsun nora bisa
mangkono Singamumpuni*

Berita yang manakah yang akan
kupercayai
Apakah perkataan Rangga Sutata
ataukah perkataanmu yang akan
kupercayai
Aku tidak bisa
dalam keadaan seperti ini,
Singamumpuni

11

*mintara maring bong Pakem ika
tilikana apa temen wus mati
Dhahèng miwah balanipun
kang anèng Pakem ika
sigra Singamumpuni lumampah
sampun
kawusana sampun prapta
ing bong Pakem wahu nenggih*

Pergilah segera ke Bong Pakem
Periksalah apakah benar sudah mati
Para Daeng beserta pasukannya
yang ada di Pakem itu
Maka segeralah Singamumpuni
berangkatt
Diceritakan kemudian ia telah sampai
di Bong Pakem

12

*ponang gagak selamberan
amemangsa ludirané kang mati
Singamumpuni nulya wangsul
dhateng Kangjeng Pengéran
sigra amatur èstu yèn sampun lampus*

*tan ana kantong sajuga
sadaya samiya lalis*

Sang gagak menyambar-nyambar
memangsa darah mereka yang mati
Singamumpuni lalu pulang
Kepada Pangeran Danuningrat
ia segera melaporkan bahwa musuh
telah tumpas
tak ada seorangpun
semuanya telah musnah

13

*Danuningrat angandika
marang Rangga Setata nenggih
nora kaya dulur ingsun*

*Wong Agung Wilis ika
enengena dènira wahu rumuhun
wonten malih kang kocapa
ujaré kandha sepalih*

Pangeran Danuningrat berkata
kepada Rangga Sutata
Bukan seperti layaknya saudara
kandungku
Wong Agung Wilis itu
Tinggalkanlah cerita ini sejenak
Ada lagi yang diceritakan
kata beberapa orang

14

*gantiya ingkang kawarna
Rangga Setata kacerita malih*

*padu kalih putranipun
kangjeng Pengéran Danuningrat
apeparab Mas Sutajiwa wahu*

Bergantilah cerita
Tentang Rangga Sutata yang
diceritakan
beradu mulut dengan anak lelaki
Pangeran Danuningrat
yang bernama Mas Sutajiwa

*mangka dolan jejangkrikan
sami rupinipun kang jangkrik*

karena permainan adu jangkrik
sebab sama warna jangkriknya

15

*mangka jangkrik kalih ika
kang menang dèn aku Mas Suta
nenggih
iya iki jangkrik ingsun
kang kalah jangkrikira
tandra Rangga Setata wahu anjupuk
jangkrik kang anèng pengaduan
nulya dèn pusuh kalih-kalih*

di antara kedua jangkrik itu
Jangkrik yang menang diaku milik
Mas Sutajiwa
Iya ini jangkrikku
yang kalah jangkrikmu
Segera Rangga Sutata mengambil
jangkrik yang ada di tempat aduan
lalu kedua jangkrik itu diiremas
dengan kedua telapak tangannya

16

*jangkrik pejah karo pisan
nulya Rangga Setata wahu angling
Mas Sutajiwa sirèku
apa ta karepira
bésuk wani saiki apa karepmu
antuk dina wengi sira
pitenah kang kapiharsi*

Kedua jangkrik itu mati
Lalu Rangga Sutata berkata kepada
Mas Sutajiwa
Apa maksudmu
Jika berani apa maumu
Dalam semalam
sampailah desas-desus itu didengar

17

*kalih Pengéran Danuningrat
yèn kang putra Mas Sutajiwa nenggih
pada pancakara sirèku
klawan Rangga Setata
angadu jangkrik marganipun ing
wahu
Kanjeng Pengéran mawa duka
Rangga kinèn amejahi*

oleh Pangeran Danuningrat
Jika sang putra, Mas Sutajiwa
saling berselisih
dengan Rangga Sutata
akibat permainan adu jangkrik

Pangeran Danuningrat murka
Diperintahkanlah untuk membunuh
Rangga Sutata

18

*saksana Rangga Setata
dipun sikep dening para punggawa
sami
sarta dipun tuwek wahu
nanging pan ora pasah
sakathahé gegaman samiya rempuh
aglis binekta dènira
maring panggetèsan nuli*

Seketika Rangga Sutata
diringkus oleh para prajurit

lalu ditusuk
namun tidak mempan
segala senjata hancur
lalu dibawalah ia
ke tempat penyiksaan

19

nulya dipun getès sira

kemudian ia disiksa

*Rangga Setata tan kuwawi nandang
sakit
nulya angandika asru
mring sakèhing punggawa
lamun sira arsa matèni mring ingsun
jireten gulumanira
ing lawé wenang dèn aglis*

Rangga Sutata tiada kuat menahan
siksa
Ia pun berucap lantang
kepada para prajurit
Jika kalian ingin membunuhku
jeratlah leherku
dengan tali lawe

20

*satukel karyanen ika
talènana ing jangganingsun iki
ing kang marganingsun lampus
sesampuné Rangga ngandika*

Tali lawe itu
ikatlah di leherku
itu yang bisa membuatku mati
Setelah Rangga Sutata berucap
demikian itu
Segera ia dijerat
Rangga Sutata pun lalu mati
Tak lama terdengarlah suara

*nuli sigra kajiret sira wahu
Rangga Setata nulya pejah
tan dangu ana swara kapiyarsi*

Kalian semuanya
Ingatlah setelah kematianku
Kelak aku akan membalas semua ini
Suara itu kemudian lenyap
tak terdengar lagi suara itu
Tinggalkanlah cerita ia yang telah
mati
juga sang Paduka Raja

21

*lah mara padhaha sira
ngélingana ing sapungkuré mami
besok ingsun males ing sirèku
kang swara nulya sirna
tan karungu malih swara wahu
sigegen kang sampun léna*

miwah sang nata aji

Bergantilah cerita
Sepeninggal Rangga Sutata
diceritakan Cokordha Klungkung
telah mendengar kematian
Rangga Sutata yang seperti itu
Dewa Agung Manguwi
memerintahakan
memanggil Pangeran Danuningrat

22

*gantya ing kang kawuwusa
sasédané Rangga Setata nguni
kocapa sira Cokordha Klungkung
sampun myarsa ing sédanira
Rangga Setata duk ing wahu
Dewa Agung Mangwi ngandika*

Pengéran timbalana tumuli

23

*ing Belambangan negara
anengena sira duk rumihin
Pengéran Danuningrat winuwus
boten karsa tinimbalan
sabab ngeraos yèn gadhah cidra
wahu*

dari Kerajaan Blambangan
Tinggalkanlah cerita itu sejenak
Diceritakan Pangeran Danuningrat
tidak mau memenuhi panggilan
sebab merasa punya kesalahan

perkara Wong Agung Wilis ika
dhawuhé kinarya patih

Berkaitan dengan Wong Agung Wilis itu yang diperintahkan untuk diangkat sebagai patih

24

sang nata ing Belambangan
Kangjeng Pangéran sanget ajrihirèki

lawan Cokordha Kelungkung
sigra Sang Pengéran lumajar

dhateng Gembong lawan putranipun
kang aran Mas Sutajiwa
karsanira njaluk urip

Sang raja Blambangan Kangjeng Pangeran Danuningrat amat takut kepada Cokordha Klungkung Segeralah Kangjeng Pangeran Danuningrat melarikan diri ke Gembong bersama putranya yang bernama Mas Sutajiwa berencana hendak meminta perlindungan

25

maring Welanda punika
kumendan rèk aransirèki

ing Gembong wahu winuwus
saking gancang crita
inggih pengéran dika kawula tulung

aja susah atinira
kawula ruwaté binjing

kepada Kumpeni Belanda dengan komandannya yang bernama Rek di Gembong demikianlah kabarnya Singkat cerita Ya, Pangeran Danuningrat kau akan kutolong Jangan bersusah hati Akan kuselesaikan nanti

26

perkara mungsuh Cokordha

ing Bali ingkang negari
mantuka dika rumuhun
kawula nusul inggal
saksananè pengéran anulya mantuk

rawuhirèng Belambangan
Mas Sutajiwa panggih kari

Urusanmu melawan Cokordha Klungkung yang berasal dari negeri Bali itu Pulanglah dahulu Aku akan segera menyusul Maka Pangeran Danuningrat pun segera pulang kembali ke Blambangan Mas Sutajiwa tidak turut serta

27

tan cinatur lampahira
sarawuhira ing negari
ing negri Blambangan wahu
kocapa sira Cokordha
dhateng malih Pengéran timbalan
gupuh

Tak lama kemudian Setibanya di Pangeran Danuningrat di Kerajaan Blambangan diceritakan Cokordha Klungkung Datang panggilan lagi kepada Pangeran Danuningrat

*déning Cokordha punika
dhateng Kelungkung negari*

oleh Cokordha Klungkung
dari Kerajaan Klungkung

28

*Pengéran Danuningrat ngandika
mring mumpuni sira sun utus nuli*

Pangeran Danuningrat berkata
kepada Singamumpuni, kau
kutugaskan
pergilah ke dukuh
menemui gustimu
Wong Agung Wilis mintalah pulang

*lungaha maring Mas Dhukuh
mring gustinira ika
Wong Agung Wilis dèn aturana
mantuk
barenga kalawan sira
mumpuni nulya pamit*

bersama denganmu
Singamumpuni segera berpamitan

29

*sigra nulya lumampah
tan kawarna lampahira ing margi
kocapa Wong Agung wahu
dhudhukuh ing Manis ika
Wong Agung Wilis tan éca ing
manahipun
alengah semu sungkawa
Singamumpuni nulya prapti*

Segeralah ia berangkat
Tak lama perjalanannya
Diceritakan Wong Agung Wilis
yang berdukuh di Pasisir Manis
Wong Agung Wilis mendapat firasat
yang tidak baik
duduk seperti bersusah hati
lalu datanglah Singamumpuni

30

*anulya sumungkem sira
ing padané Wong Agung Wilis
ngandika sira wong agung wahu
maring mumpuni inggal
lah mara matura sira maring ingsun
kinongkon apa ta sira
ing gustinira mring mami*

segera ia menghaturkan sembah
di kaki Wong Agung Wilis
Berkatalah Wong Agung Wilis
kepada Singamumpuni
Katakan kepadaku
ditus apa kiranya kamu
oleh gustimu kepadaku

31

*mumpuni matura nembah
pan paduka tinimbangan tumuli
déning raka jengandika wahu
kéringa lan lampah kawula
nuli ngandika Wong Agung Wilis
gupuh
maring sagungé wongira
kang dhedhukuh nèng Pasisir Manis*

Singamumpuni menghaturkan
sembah
Paduka dipanggil
Oleh kakanda Paduka
untuk ikut ikut pulang bersama saya
Segeralah Wong Agung Wilis berkata

Kepada segenap pengikutnya
yang ada di Pasisir Manis

32

lah sira padha kariya

Kalian tetap tinggallah di sini

*apan ingsun mantuk dhateng negari
ingandikan maring kaca prabu
nulya sigra lumampah
lan Mumpuni tan kawarna
lampahipun
wus prapta sira ing kutha
ingarsa kang raka tumuli*

Aku akan pulang ke keraton
bertemu dengan kakanda prabu
Segera ia berangkat
Bersama Singamumpuni, tak lama
kemudian
Telah tiba di keraton
di hadapan Pangeran Danuningrat

33

*ngandika mangké Sang Nata
maring ingkang rayi Wong Agung
Wilis
nenggih dèn timbali sira wahu
lawan mangké manira
maring Bali ing Cokordha Klungkung
wahu
kang rayi atur sandika
punapa karsa narpati*

Berkatalah Pangeran Danuningrat
kepada adiknya, Wong Agung Wilis

Kupanggil engkau
Akan kuajak bersamaku
menghadap Cokordha Klungkung di
Bali
Sang adik berucap sedia
apapun kehendak sang raja

34

*anulya sira lumampah
lawan bekelira sawelas iki
sampun anumpak ing prahu
saksana nulya budhal
tan kawarna lampahé bahitanipun
wus prapta nèng plabuhanira
pangéran tumurun tumuli*

Lalu mereka segeralah berangkat
bersama dengan sebelas bekel
Setelah menaiki perahu
Lalu segera berangkat
Tak lama perjalanan kapal itu
Sampailah di pelabuhan
Pangeran Danuningrat lalu turun

35

*sarawuhirèng daratan
pangéran sinekep agelis
mring punggawa Bali agung
anulya pinejahan
déning Cokordha ing Kelungkung
wahu
sigra kinubura sira
ing séséh pernahnéki*

Setibanya di daratan
Segera Pangeran Danuningrat
diringkus
oleh prajurit Bali
lalu dibunuh
oleh Cokordha Klungkung

Segera seusai itu ia dikubur
di Seseh nama tempatnya

36

*sasédané pengéran
saksana Cokordha adamel wakil
tiyang saking Bali wahu
satunggal julukira*

Seusai tewasnya Pangeran
Danuningrat
segera Cokordha Klungkung
menunjuk wakil
orang dari Bali
Seorang yang bernama

*Gusti Murah Ketut namanipun
saha pinaringan bala
kawandasa kathahnéki*

Gusti Murah Ketut namanya
Diberikan kepadanya prajurit
empat puluh orang banyaknya

37

paring dhawuh sira Cokordha

Cokordha Klungkung memberikan
perintah
kepada Gusti Murah Ketut
Jikalau ada musuh
pasukan Belanda itu
Bagaimanalah baiknya menurutmu
dalam menghadapi perang
bersama-sama dengan para pangeran

*maring Gusti Murah Ketut anenggih
manawa na musuh rawuh
bala Walanda ika
wus padha mangsa bodowa siréku
yudané sira mapaka
sarta para umas iki*

38

*iku sira rembugana
dhatengBelambangan negari
Gusti Murah nulya lumaku
tan antara sampun prapta
ing Blambangan sarta bala patang
puluh
dados wakil ing Blambangan*

Berundinglah kalian
di Kerajaan Blambangan
Gusti Murah Ketut pun berangkat
Tak lama kemudian telah tiba
di Kerajaan Blambangan beserta
empat puluh prajurit
menjadi wakil di Kerajaan
Blambangan dari
Gusti Murah Ketut

Gusti Murah Ketut nenggih

39

*manggon ing Lemahbang Déwa
Gusti Murah sampunira alami
awetara kalih tahun
anèng Lemahbang ika
wakil ing Pangéran Belambangan
wahu
mangké sira jinulukan
déning wong sanegari*

Ia bertempat di Lemahbang Dewa
Gusti Murah Ketut telah menetap
sekitar dua tahun lamanya
di Lemahbang Dewa itu
menjadi wakil pangeran Blambangan

Ia dijuluki
oleh orang di seluruh Kerajaan

40

*Gusti Murah Ketut Déwa
julukira mangké puniki
milanipun dhusun puniku
karanan Lemahbangdéwa
purwané kala rumuhun
Gusti Murah Ketut Déwa
déwané wong sanegari*

sebagai Gusti Murah Ketut Dewa
Demikianlah julukannya
Sehingga dusun tempat tinggalnya
dinamakan Lemahbang Dewa
Demikianlah asal-muasalnya
Gusti Murah Ketut Dewa
Dewanya orang seKerajaan

41

nengna Gusti Murah Déwa

*kocapa kumpeni sampun prapti
Belambangan kang jinujuk
mesanggrah anèng Toya Lit ika
enengena bala Kumpeni kang wahu*

*kocap Gusti Murah Déwa
ingkang wakil saking Bali*

Tinggalkanlah cerita tentang Gusti
Murah Ketut Dewa
Diceritakan Kompeni telah tiba
di Blambangan tujuannya
Berkubu di Banyualit
Tinggalkanlah sejenak cerita pasukan
Kompeni itu
Diceritakan Gusti Murah Ketut Dewa
yang menjadi wakil dari Bali

42

*kang anèng Lemahbangdéwa
rembugan lan sakèhé punggawa
mantri
lan sagungé sentana wahu
miwah pra Mas sedaya
Mas Anom Mas Raka sampun
rinembuk
Gusti Murah nulya ngandika
dhumateng para punggawa mantri*

yang berdiam di Lemahbang Dewa
sedang berunding dengan para
pemuka menteri
segenap kerabat istana
beserta para Mas semuanya
Mas Anom dan Mas Raka

Gusti Murah Ketut Dewa berkata
kepada para pemuka menteri

43

*dhawuhira mangkana
dika sampun tumut-tumut ajurit
amung amba ingkang cucuk
lan balaningwang kéwala
tiyang kawandasa puniku
amusuh lawan Welanda
namung ingkang kawula tedhi*

Demikian ini yang dikatakannya
Kalian tidak usah ikut berperang
Aku saja yang akan memimpin
prajurit yang hanya
berjumlah empat puluh orang itu
melawan pasukan Belanda
Hanya yang aku minta

44

*gih punika suraking bala
ing Blambangan punggawa tuwin
mantri
sagungé para mas sedayéku
dika rumuhun budhal
Mas Anom Mas Raka kepalaning
cucuk
kocapa sapraptanira
ing Tegal Wéra Banyu Alit*

Sorak-sorai prajurit
Blambangan, pemuka dan menteri

dan segenap para Mas
Kalian berangkatlah dahulu
Mas Anom dan Mas Raka menjadi
pimpinannya
Diceritakan stibanya mereka
di padang lapang Banyualit

45

Mas Anom sira ngandika

Mas Anom berkata

maring Mas Raka lan sagungé mantri kepada Mas Raka dan segenap
menteri
miwah pra sentana agung dan kerabat istana
punggawa sarta bala pemuka serta prajurit
kabèh padha piyarsakna ujaringsun Semuanya dengarkanlah perkataanku
apa becik amba yuda Apa untungnya berperang
amusuh lawan Kumpeni melawan Kompeni

46

yèn kawon yudané Wlanda Jika Belanda kalah dalam perang
pasti ingsun kaprintah ing wong Bali Aku akan diperintah orang Bali
yèn kalaha yudanipun Jika pun kalah berperang
sanak lawan wong Bali ika orang Bali itu
apan ingsun nora duwé wahu Aku tidak akan bisa bermitra
lan bala Kumpeni ika dengan pasukan Kompeni
lah kepriyé mara iki Lalu bagaimana ini

47

yèn kaya mengkana Jika seperti ini
Gusti Murah Ketut Déwa dèn prangi Gusti Murah Ketut Dewa akan kita
perangi
balané aja na kantun Segenap pasukannya jangan ada
yang tersisa
rembug sagunging sentana Demikianlah kesepakatan segenap
para sentana
miwah para punggawa agung-agung bersama para punggawa agung
sarta bala alit ika Maka para penduduk
ing pangpang wadya Kumpeni di Pangpang dan Pasukan Kompeni

48

sigra pinaringan nawala Segera diberikan surat
lamun ana Gusti Murah meriki Jika Gusti Murah Ketut Dewa datang
ke sini
pejahna sabalanipun Bunuhlah ia beserta para pasukannya
aja na kari sajuga Jangan tersisa satupun
gusti murah sabalanira sampun Gusti Murah Ketut Dewa telah tiba
rawuh
sarta samya mesanggrahan Serta telah membuat kubu
nèng payudan Banyu Alit di medan laga Banyualit

49

tandra sira ngetak yuda Segera ia mengobarkan semangat
perang
maring sakèhé balanirèki kepada segenap pasukannya
nulya tata baris agung Lalu menyiapkan barisan seluruh
pasukan

*tambur lawan slumprèt munia
sarta kendhang gong umuyung
gumuruh
nulya campuh sira ing yuda
surak gumuruh ateri*

Tambur dan terompet dibunyikan
beserta kendhang dan gong gemuruh
bersahutan
Lalu masuklah mereka ke medan laga
Bergemuruhlah suara sorak

50

*sigra bala Blambangan
Gusti Murah ingkang dipun barisi
sagungè bala Belambangan wahu
ginetak sira sedaya
payo Gusti Murah kinepungen gupuh
sarta sinanjata sigra
Gusti Murah nabda aris*

Segera pasukan Blambangan
yang tadi dibariskan Gusti Murah
pasukan Blambangan itu
berseru lantang semuanya
Ayo kita keprung Gusti Murah
serta kita serang segera
Gusti Murah berkata pelan

51

*yèn mengkono wong Blambangan
anyaru agung mring sarira mami
sigra sira sinenjata sampun
miwah bala kawandasa
samiya pejah sedayanipun
tan ana kari sajuga
Gusti Murah nulya lumajeng mulih*

Ternyata orang Blambangan
berkhianat kepadaku
Ia pun kemudian diserang
beserta empat puluh pasukannya
Tumpas segenap pasukannya
Tiada tersisa seorang pun
Gusti Murah melarikan diri

52

*dipun bujeng mangké sira
ing wong kathah sarta dipun bedhili
karsanira badhé mantuk
maring Bali negara
medal ing Pangpang sedayanipun

ing Pangpang sira wus prapta
nanging tansah dèn tut wingking*

Maka ia pun dikejar
oleh banyak orang sambil ditembaki
Ia hendak kembali
ke negeri Bali
rencananya akan keluar melewati
Pangpang
Ia telah sampai di Pangpang
Namun mengejar di belakangnya

53

*Encik Kumis kang nyenjata

bedhil léla wahu ingkang kinardi
Gusti Murah nulya lampus
wonten paluh kuburnya
nengna wahu wonten gantiné
winuwus
bala Kumpeni kocapa
ngarsa manjing dhateng negari*

Encik Kumis yang terus
menyerangnya
Menembaknya dengan senapan
Gusti Murah pun tewas
lalu dikuburkan di Paluh
Tinggalkan sejenak bergantilah cerita

Diceritakan Pasukan Kompeni
yang hendak memasuki Kerajaan

54

*rawuh ing sajeroning kitha
datan mawi sira aperang malih
ujaré kandha sira wahu
Mas Anom nulya dèn angkat
jumeneng Tumenggung Kasepuhan
wahu
Mas Weka dèn jenengna uga
Tumenggung Kanoman nenggih*

telah tiba dii ibukota Kerajaan
tanpa ada perlawanan
Dikabarkan bahwa
Mas Anom diangkat
Dinobatkan sebagai Tumenggung
Kasepuhan
mas weka dinobatkan juga
sebagai Tumenggung Kanoman

55

*enengna mangké dènira
Tumenggung wonten gantining
winarni
Wong Agung Wilis wahu
mantuk saking Bali ika
rawuh sira ing Blambangan sampun
kajunjung mangké linggihnya
maring Kumpeni sireki*

Tinggalkan sejenak cerita tentang
tumenggung, bergantilah cerita

Wong Agung Wilis yang
telah kembali dari Bali
setibanya di Blambangan
diangkat kedudukannya
oleh Kompeni

56

*dados Pengéran Blambangan
karta karti kang negari
murah kang sarwa tinuku
sarta kang tinandur gesang
sagungé tetiyang bingah manahipun
rèhning dhateng gustinira
Pengéran Wilis ingkang prapti*

menjadi Pangeran Blambangan
Tenteram dan tertatalah Kerajaan
Murah segala barang terbeli
Tumbuh segala yang ditanam
Semua orang bersuka hati
Karena gusti junjungannya
Pangeran Wilis telah datang

57

*enengna mangké kocapa
tiyangira Wong Agung Wilis ing uni
kang dhudhukuh ing Manis wahu
krahos yèn nora pernah
salungané Wong Agung Wilis kang
wahu
nulya sira rerembagan
maring sakèhing kancanirèki*

Tinggalkan sejenak kisah itu,
kemudian diceritakan
Orang-orang Wong Agung Wilis
yang berdukuk di Pasisir Manis
merasa tidak betah
seusai ditinggal pergi Wong Agung
Wilis
Lalu mereka berunding
dengan segenap kawannya

58

*payo pada ngalih inggal
maring wana Jangkung anuli
wus samya budhalan sampun
wong kawandasa ika*

Ayo kita segera berpindah
membuka lahan di hutan Jangkung
Telah berangkat semuanya
Keempat puluh orang itu

*nulya prapta ing wana jangkung
puniku
pan nulya samiya babad
sira akarya dhusun tumuli*

Lalu sampailah mereka di hutan
Jangkung itu
Lalu bersama-sama membuka hutan
Membangun tempat itu sebagai
dusun

59

*sampunira lama-lama
ing kang dhusun pan sampun dadi
miwah sabin lan kebonipun
lan kang sarwa tenanem gesang
adamel bingahing manahipun tiyang
dhusun
datan kirang sandhang pangan
tyang dhusun gambiréng ati*

Lama-kelamaan
jadilah dusun itu
beserta sawah dan kebunnya
Segala macam tanaman tumbuh
Membuat orang dusun itu bersuka
hati
Tiada kurang sandang dan pangan
Orang dusun gembira hatinya

60

*ical dhusun Jangkung ika
ginentosan nama dhusun Gambiran
nenggih
karta karti kang dhusun wahu
murah kang sarwa tinumbas
gih punika purwané Gambiran
dhusun
ujaré kandha satengah

ganyta kang kawuwus malih*

Hilanglah nama dusun Jangkung itu
Berganti nama menjadi dusun
Gambiran
Tenteram dan tertatalah dusun itu
Murah segala barang terbeli
Demikianlah asal mula dusun
Gambiran
Menurut yang diceritakan beberapa
orang
Bergantilah cerita lainnya

61

*kocapa mangké dènira
pan Kumpeni mangké adamel loji
ing Toya Alit gènipun
datan lama sampun dadya
enengna loji ing Banyu Alit wahu

kocap panjenenganira
Wong Agung Wilis tinangkil*

Diceritakanlah kemudian
Kompeni membangun loji
di Banyualit
Tiada lama loji itu telah jadi
Tinggalkanlah cerita tentang loji di
Banyualit itu
Diceritakanlah
Wong Agung Wilis telah dihadap

62

*pepak sagungé sentana
miwah para mantri lan bupati
mas dalem puger sigra amatur
miwah kang pra sentana
lawan para punggawa gung-agung
Gusti Pengéran Wilis ika
mila kawula matur Gusti*

oleh segenap kerabat istana
juga para menteri dan bupati
Mas Dalem Puger berkata
diiringi para kerabat istana
dan punggawa agung
kepada Wong Agung Wilis
Saya ingin bicara, Gusti

63

*kadipundi Kumpeni ika
sumanggaha gusti dipun perangi
dèn rancak lojinipun
ing Banyu Alit ika
kadar pinten bala Kumpeni lebur*

*tur sakedhik ingkang bala
ngandika Wong Agung Wilis*

Bagaimana dengan Kompeni itu
Marilah, Gusti, kita perangi
Kita hancurkan lojinnya
di Banyualit itu
Hanya berapa pasukan Kompeni itu
akan hancur
Lagipula pasukannya sedikit
Berkatalah Wong Agung Wilis

64

*aja sira musuh Wlanda
nora kuwat sira musuh kumpeni*

sigra matur para agung

*boten punapa pengéran
lan panjenengan sampun atumut-
tumut
kadar pinten Kumpeni ika
mung sakedhik balanirèki*

Jangan kalian melawan Belanda
Tidak akan kuat kalian melawan
Kompeni
Segera berucaplah para pembesar
istana itu
Tidak apa-apa, Pangeran
dan Pangeran tidak usah turut serta

Hanya berapa pasukan Kompeni itu
pasukannya hanya sedikit

65

boten ngantos sainjingan

*angandika Wong Agung Wilis
lah aja sira amberung
nora kwat sira padha
tan antara kang para sentana
mundur
saking ngarsané pengéran
sarawuhira ing jawi*

(perang akan usai) Tidak akan sampai
keesokan pagi
Berkatalah Wong Agung Wilis
Janganlah kalian nekat
Tidak akan kuat kalian
Tak lama kemudian para kerabat
istana mundur meninggalkan
dari penghadapan Wong Agung Wilis
Setibanya di luar

66

*kocapa para sentana
mapak bala sarta sikep ing jurit*

*waos sanjata miwah tulup
dalem puger kepalaning yuda*

*sigra mangkat kang para sentana
sampun
ngluruk maring loji ika
toya lit goné Kumpeni*

diceritakan para kerabat istana
tengah menyiapkan pasukan siap
berperang
Bersenjatakan tombak dan sumpit
Mas Dalem Puger menjadi panglima
perangnya
Segera berangkatlah para kerabat
istana
menyerbu loji
Banyualit tempatnya Kompeni

67

*serawuhing rèng payudan
pan Kumpeni sampuna yasa baris
sarta senjata lan mriyem agung
pan sampun isi sedaya
sigra ngatak kang yuda pan sampun
campuh
bedhil pan kadya berondongan
suraké gumuruh atri*

Setibanyaa di meedan laga
Kompeni telah menyiapkann barisan
Senjata dan meriam besar
telah diisi mesiu semua
Segera berkobarlah perang

Senapan menyalak bersahutan
Suara sorak bergemuruh

68

*kelangkung raméning yuda
tan antara kalih jam kang kawarni
anulya dèn mriyem wahu
nempuh ing wong Blambangan
sigra bubar palayuné rebut sulung

sarta dèn buru pisan
déning bala Kumpeni*

Begitu gegap gempitanya perang
Tak lebih dari dua jam
lalu meriam itu
menerjang orang Blambangan
Segera kocar-kacirlah berebut
menyelamatkan diri dahulu
Serta-merta dikejar sekalian
oleh pasukan Kompeni

69

*lajeng terus dhateng kitha
pamburuné wahu bala Kumpeni
sarta dèn bedhili wahu
lajeng manjing nèng kitha
bala Kumpeni mendhet dahana
sampun
dèn besmi mangké dènira
kang griya pan sampun enting*

Melarikan diri menuju ibukota
dikejar oleh pasukan Kompeni
disertai salak tembakan
hingga memasuki ibukota
Pasukan Kompeni menyalakan api

Kemudian membumihanguskan
semua rumah hingga tandas

70

*wenèh ana ingkang pejah
kenèng dahana miwah ingkang
bedhil
suraké kumpeni gumuruh
sarta sira sumbar-sumbar
katogna wong Belambangan ing
karepmu
ingkang nyelak sinenjata
bubar sajroning negari*

Ada yang mati
terkena api juga pelor senapan

Sorak pasukan Kompeni bergemuruh
disertai teriakan menantang
Teruskan saja berperang orang
Blambangan
Yang mendekat dibunuh
Bercerai-berailah orang seKerajaan

71

*Wong Agung Wilis kocapa
boten tumut wahu sira ajurit
kèndel anèng jro kadhatun*

Diceritakan Wong Agung Wilis
tidak turut serta dalam perang itu
Berdiam diri di dalam istana

*tandra sira kenèng senjata
ing kèntolé kang tengen puniku
nanging datan nora pasah
lumajeng mring dhusun Blimbing*

Lalu ia terkena senjata
pada betis sebelah kanannya
Namun tiada mempan
Ia melarikan diri ke dusun Blimbing

72

*rusaké kutha Blambangan
tiyang alit agung kang mati

kathah ngungsi wana agung

griya telas sedaya
Wong Agung Wilis tansah dèn ucali
gupuh
anulya pinanggih sira
ing dhusun Belimbingsari*

Ibukota Blambangan hancur
Rayat jelata dan bangsawan sama-
sama tumpas
Banyak yang melarikan diri ke hutan
belantara
Rumah-rumah semua hancur
Wong Agung Wilis diburu

Lalu ia ditemukan
di dusun Belimbingsari

73

*anulya sinikep sira
Wong Agung Wilis déning bala
kumpeni
tan mawi dinangu malih siréku
nuli Wong Agung dèn bucal
maring sélong sarta garwanirèku
kang putra tumut sedaya
enengna Wong Anom Wilis*

Kemudian ditangkaplah ia
Wong Agung Wilis oleh pasukan
Kompeni
Tak lama kemudian
Wong Agung Wilis dibuang
ke Selong bersama dengan isterinya
Anak-anaknya turut juga bersama
Tinggalkanlah cerita Wong Anom
Wilis



9

PUPUH SINOM

Transliterasi

Terjemahan

1

enengna ingkang binucal

Tinggalkanlah cerita tentang mereka
yang telah dibuang

*wonten gantining winarni
kocapa tuwan rek ika
pindhah ing Pangpang damel nagari*

*sarta adamel loji
kawuwusa sampun mantun
nulya damel patiya*

*kasepuhan Mas Sutanagari
suratruna patihé Mas Wangsasekar*

Bergantilah cerita
Diceritakan Tuan Rek
berpindah ke Pangpang membangun
kota
Serta mendirikan loji
Diceritakan telah selesai
Kemudian yang diangkat sebagai
Bupati
Kasepuhan adalah Sutanagara
Suratruna sebagai patihnya, Mas
Wangsasekar sebagai

2

*kanoman wahu punika
nggih Patih Jaksanegari
enengna ing jenengira
tumenggung tanapi patih
wonten ingkang winarni
kocapa Ki Rempek wahu
punakawanira patiya
ingkang aran Jaksanegari
asalipun putra dalem Wiraguna*

Bupati Kanoman itu
dengan Jaksanegara sebagai patihnya
Tinggalkanlah cerita tentang mereka
Bupati dan juga patihnya
Ada diceritakan
Diceritakan tentang Ki Rempek
pengikut sang patih
yang bernama Jaksanegara
Asalnya adalah putra dari Wiraguna

3

*putra saking dhusun ika
ing Pakis mangké siréki
Ki Rempek peparabira
ing wahu sira angungsi
ing wana Bayu nenggih
sarta kathah tiyang rawuh
nungsi ing Bayu ika
Ki Rempek kinarya bupati
ing wong kathah jinunjung ing
lungguhira*

Putra dari dusun
Pakis tempatnya
Ki Rempek namanya
Ia kemudian mengungsi
di rimba Bayu
Kemudian banyak orang berdatangan
Ikut mengungsi di rimba Bayu
Ki Rempek diangkat sebagai Bupati
dinobatkan oleh banyak orang

4

*jinulukan sira pengéran
Jagapati parabnéki
ing Bayu cinatur uga
kathahé wongira mangkin
kalih èwu kang kawarni
sarta sedaya sikep sampun
gamelan sarta wiyaga
ingkang bètèng sampun dadi
sarta gaman sasikepira ayuda*

Ia bergelar Pangeran
Jagapati namanya
Di Bayu diceritakan juga
Jumlah orang di sana
dua ribu orang banyaknya
Semuanya telah bersiap
Gamelan beserta para penabuhnya
Benteng telah selesai didirikan
Serta senjata telah disiapkan untuk
berperang

5

*enengna wahu dènira
Jagapati ing Bayu nagari
wonten gantiné winarna
tumenggung ing Pangpang nguni
tandra pitenah prapti
pan sira asikep wahu
Mas Raden Sutanagara
nenggih sira Wangsasari
sarta Patih Surataruna punika*

Tinggalkanlah cerita
Pangeran Jagapati dari nagari Bayu
Bergantilah cerita
tentang Bupati Pangpang
yang mendapatkan fitnah
Ia pun ditangkap
Mas Raden Sutanagara
bersama dengan Wangsasari
serta patih Surataruna

6

*kabucala sira marang
sèlong sakadangirèki
tan kawarna lampahira*

*kocapa ing Pangpang uni
patih nora na iki
amung jaga dolog iku
awasta Jaksanegara
kajunjung lawan Kumpeni
jeneng tumenggung ing Pangpang
nagara*

Mereka dibuang
Ke Selong bersama-sama
tak diceritakan tentang pembuangan
itu
Diceritakan di Pangpang
Tak ada lagi memiliki patih
Hanya tinggal si pemalas
yang bernama Jaksanegara
Dinobatkan oleh Kompeni
menjadi tumenggung (Bupati) di
Pangpang

7

*kang dadi patihira
Jurukunci juluk nèki
tulus ing jenenganira
enengna mangké rumiyin
Tumenggung Jaksanegri
ing Pangpang wahu puniku
wonten gantining crita
wahu Pengéran Jagapati
anèng Kumpeni sampun miharsa*

Yang menjadi patihnya
bernama Jurukunci
Terlaksanalah penobatan itu
Tinggalkanlah sejenak cerita
Tumenggung Jaksanegara
di Pangpang itu
Bergantilah cerita
tentang Pangeran Jagapati
di Bayu, telah diketahui oleh
Kompeni

8

*yèn ing Bayu kathah tiyang
sarta sedaya asikep nguni
gegaman lawan senjata
yèn tyangira sampun dadi
asikep para sami
sarta tulup datan kantun
kang dados pengagengira
